# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क पहिला फेरा में प्रदेस क आठ सीटिनि बदे नामांकन दाखिल करे क बिहने आखिरि दिन हौं। तीनि दिन ले छुट्टी के नाते नामांकन दाखिल करें क काम बंन्न रहल। आजु नामांकन दाखिल करे क प्रक्रिया फेर से सुरू कई दिहल गइल जौना में कई गो सीटिनि बदे ओम्मेदवार लोगि नामांकन पत्र भरलें। पीलीभीत लोकसभा सीटिनि बदे समाजवादी पार्टी क ओम्मेदवार अउर पूर्व मंत्री भगवत सरन गंगवार पर्चा भरलें। बहुजन समाज पार्टी से अनीस अहमद खां उर्फ फूल बाबू अउर निर्दलीय ओम्मेदवार आदर्श पाण्डेय नामांकन पर्चा दाखिल कइलें। शामली जिला क कैराना लोकसभा क्षेत्र बदे समाजवादी पार्टी से इकरा हसन अउर बहुजन समाजवादी पार्टी से श्रीपाल सिंह पर्चा भरलें। सहारनपुर लोकसभा सीटि से कांग्रेस–इण्डिया गठबंधन क इमरान मसूद अउर बहुजन समाज पार्टी क माजिद अली पर्चा दाखिल कइलें। रामपुर जिला से छौ निर्दलीय ओम्मेदवार सिफात अली खां, अशोक कुमार, जगत सिंह, अब्दुल कादर अउर शिव प्रसाद आजु ले नामांकन दाखिल कइ चुकल हवें।

पहिला फेरा में सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद ,रामपुर अउर पीलीभीत लोकसभा सीटिनि बदे ओन्नईस अपरैल के चुनाव होई। बरिस दुइ हजार ओन्नईस में भइल लोकसभा चुनाव में ऐह सीटिनि में से तीनि सीटि कैराना, मुजफ्फरनगर अउर पीलीभीत जितले रहल। बसपा सहारनपुर, बिजनौर, अउर नगीना सीटि जितले रहलि अउर समाजवादी पार्टी मुरादाबाद अउर रामपुर क सीटि जितले रहलि। रामपुर लोकसभा सीटि पर भइल उप चुनाव में ई सीटि भाजपा के खाता में चलि गइल रहलि। बरिस दुइ हजार ओन्नईस में भइल लोकसभा चुनाव में सपा, बसपा अउर रालोद मिल के चुनाव लड़ल रहल। ऐह बेरि रालोद भाजपा के साथे हौ आ सपा अउर कांग्रेस मिल के चुनाव लड़ रहल हवें। बसपा ऐह बेरि एकेल्ले चुनाव लड़ि रहलि हौ।

पहिला फेरा का लोकसभा सीटिनि बदे नामांकन परचन क जांच अट्ठाईस मार्च के कइल जाई अउर तीस मार्च ले नाव वापिस लीहल जा सकेला। पहिला फेरा में एक करोड़ तैतालिस लाख मतदाता ओम्मेदवारन के भागि क फैसिला करिहें।

**********

पूरा देश में हो रहल लोकसभा अउर कुछु राज्यन क विधानसभा चुनाव में एह बेरि चुनाव आयोग सी–विजिल ऐप के जरिए चुनाव प्रक्रिया पर पैनी नजर रक्खे जा रहल हौ। मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार बतवलें कि ई ऐप नागरिक लोगिन के आदर्श आचार संहिता क उल्लंघन के रिपोर्ट करे क अधिकार देला अउर रिपोर्टिंग क सौ मिनट के अंदर कार्रवाई क भरोसों देला। भारत निर्वाचन आयोग के हिसाबि से, ई ऐप सतर्क नागरिकन के सोझे जिला नियंत्रण कक्ष, रिटर्निंग अधिकारी अउर फ्लाइंग स्क्वाड टीमि से जोड़ेला। एकर उपयोग कइ के नागरिक राजनीतिक कदाचार क कवनहूं घटना क रिर्पोट चुनाव आयोग के कइ सकेलें अउर एकरे बदे ओन्हें रिटर्निंग अधिकारी के कार्यालय गइले क जरूरत नइखे।

**********

गोरखपुर अउर एकरे आसपास के जिलन में आजु होली क तिउहार धूमधाम से मनावल गइल। लोगि एक दूसरे के रंग गुलाल लगा के बधाइ दिहलें अउर फागुआ गीतिनि पर जगहि जगहि नाचत देखल गइलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखनाथ मंदिर में होलिका दहन क राखि से टीका लगा के होली क सुरूआत कइलें। ओहां के गुरू गोरखनाथ क पूजा अर्चना के बादि गायिनि के टीका लगा के गुड़ अउर चनों खियवलें। एकरे बादि मुख्यमंत्री गोरखपुर सहर क घंटाघर में आयोजित भगवान नरसिंह सोभाजतरा कार्यक्रम में सामिल भइलें। उहां के भगवान नरसिंह क आरती उतरलीं अउर रंग गुलाल के साथे फूलन क होली खेललीं। मुख्यमंत्री फगुआ गीतियों क आनंद लिहलें। भगवान नरसिंह के परंपरागत सोभाजतरा क आयोजन राष्ट्रीय स्वंयसेवक संघ करे ला। ऐह मौका पर मुख्यमंत्री प्रदेस के लोगिन के होली परब क शुभकामना देत कहलें कि पछिला कई दिन से पूरा देस के भित्तर सनातन धर्मावलंबी होली जइसन तिउहार के जरिए समृद्ध विरासत क हिस्सा बनि रहल हवें। उहां के बिना सहमति के रंग न खेले क भी सलाहि दिहलीं। ओहर बलरामपुर जिला क तुलसीपुर नगर में देवीपाटन शक्तिपीठि पर होली के दुसरा दिन्नें विशाल शोभाजतरा निकारल गइल। एहमन सरधालु लोगि एक दुसरे के साथे अबीर गुलाल अउर फूलन क होली खेललें।

**********

प्रदेस में बितल चउबिस घंटा के भित्तर अलगि–अलगि सड़कि दुर्घटना में तेरह जने क मौति हो गइल आ दुई जने अउरियों घाही हो गइलें। मथुरा जिला क जैंत थाना क्षेत्र क छटीकरा राधाकुण्ड राहि पर काल्हि एगो कार मोटर साइकिल के ठोकरिया देहलस जौना में एक्के गावं क तीन बाइक सवारन क मउति हो गइल। जिला क मऊरानीपुर क्षेत्र में सड़कि दुर्घटना में एगो अउरियों व्यक्ति क भी मउति हो गइल। बदायूं जिला क इस्लाम नगर थाना क्षेत्र में चिचौटा गांव के लग्गे कल्हि दुइ मोटर सइकिल के आपस में लड़ि गइलें से तीनि जनें क मउति हो गइल आ एगो मेहरारू अउर लइकनी घाहि हो गइलीं। जौनपुर जिला क खेतासराय थाना क्षेत्र क गुरैनी बजारि के लग्गे आजु अज्ञात चारपहिया गाड़ी मोटरसाइकिल सवार दुइ नौजवानन के ठोकरिया देहलस। जौना में दुन्नों जनें का मउति हो गइल। मिर्जापुर जिला क कोतवाली देहात थाना क्षेत्र क समोगरा गांव के लग्गे चारि रिवा चुनार हाईवे पर गलत दिशा में दुपहिया गाड़ी से जा रहल चारि जनें क ट्रक से लड़ि के मउति हो गइल।

**********